



KONNEN DWA OU NAN FÒTÈS/AÈWOPÒ YO

Moun ki nan Etazini, *ki gen ladann imigran san papye*, gen dwa ak pwoteksyon Konstitisyonèl. Ni imigrasyon ni lapolis pap sipoze ou vle fè valwa dwa w. Se ou menm ki dwe afime yo lè ou montre kat Konnen Dwa Ou a oswa lè ou di ofisyé a w ap fè valwa dwa w.

Nan pò dantre, ayewopò, ak fwontyè a, ou ka rankontre Lajanmè ak Pwoteksyon Fwontyè (CBP), Ankèt Sou Sekirite Teritwa (HSI), Imigrasyon ak Aplikasyon Ladwàn (ICE), oswa Administrasyon Sekirite Transpòtasyon (TSA). Ou gen dwa lè w ap kominike ak yo.

Imigrasyon ka poze kesyon sou èske ou gen estati imigrasyon legal epi èske ou admisib pou antre nan Etazini.

Ou gen dwa pou ou rete an silans, men refize reponn kesyon woutin ka fè retar pou ou oswa kòz yo mennen ou nan enstpeksyon segondè.

Si ou se yon sitwayen ameriken: Ou dwe sèlman etablis idantite ou ak sitwayèntre ou.

Si ou se yon Rezidan Pèmanan Legal: Ou dwe sèlman etablis idantite ou ak rezidans ou. Aprè sa, yo pa ka refize ou antre, men yo ka detni ou epi mete ou nan pwosedi depòtasyon. Imigrasyon ka eseye konvenk ou pou abandone rezidans ou lè yo mande ou siyen yon fòm I-407. Pa siyen okenn dokiman san reprezantan legal. Se sèlman ou oswa yon jij imigrasyon ki ka revoke rezidans ou.

Si ou se yon detantè viza non-sitwayen oswa vizitè: Yo ka refize ou antre nan Etazini si ou refize reponn kesyon ofisyé yo.

Si ou pa yon sitwayen, rezidan, oswa detantè viza: Yo ka refize ou antre nan Etazini si ou refize reponn kesyon ofisyé yo.

Ou gen dwa pou chèche azil.

Si ofisyé yo di ou pa ka antre e w pè pou w pral pèsekite si w retounen nan peyi lakay ou, ou dwe di ofisyé a w pè epi mande azil.

Imigrasyon ka fouye bagay ou yo pou kontwòl.

Ofisyé yo pa bezwen yon manda oswa yon kòz pwobab tankou nan lòt kontèks. Sepandan, ou pa ka chwazi pou yon rechèch ki baze sou reliyon ou, ras ou, nasyonalite ou, sèks ou, etnisite ou, oswa kwayans politik ou. Asire w ou sonje nenpòt bagay yon ofisyé di konsènan poukisa y ap fouye ou ak/oswa bagay ou yo.

Rechèch San Rad: Ofisyé yo kapab sèlman fè yon rechèch san rad nan yon espas prive si yo gen sisipyon rezonabl sou yon krim oswa vyolasyon imigrasyon.

Aparèy Elektwonik: Ofisyé yo ka mande modpas pou aparèy elektwonik ou yo.

- Si ou se yon sitwayen, ou pa oblige bay modpas ou oswa debloke aparèy ou.
- Si yon ofisyé konfiske aparèy elektwonik ou, pran yon resi epi ekri non ofisyé a, ajans lan, ak nimewo badj li.

Imigrasyon ka mennen ou nan enstpeksyon segondè.

Enstpeksyon segondè a vle di ale nan yon lòt chanm kote yo ap poze plis kesyon. Yo dwe trete w ak diyite ak respè. Ofisyé yo pran pozisyon ke ou pa gen dwa a yon avoka, men nou ankouraje ou mande pou rele avoka w. Si li vin klè ke ou anba arrestasyon oswa y ap mennen ankèt sou ou pou yon krim, ou ta dwe mande pou pale ak yon avoka epi lè sa a fè valwa dwa w pou rete an silans.

Imigrasyon ka pran anprend ou.

Vizitè ak rezidan pèmanan legal yo anjeneral pran anprend lè yo antre etranje.